Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 48 (9786) / 29 октябрь 2018 с. / итни 20 Сафар 1440 с./ багьа 8 гьур. redakciya-chapar@mail.ru




ПОЗДРАВЛЯЕМ С ДНЕМ
**НАРОДНОГО ЕДИНСТВА**

***Этот праздник единения России установлен в память о событиях 4 ноября 1612 года, когда воины народного ополчения под предводительством Кузьмы Минина и Дмитрия Пожарского штурмом взяли Китай – город, освободив Москву от польских интервентов.***

## Поздравляем!

### Уважаемые жители района!

Поздравляем с Днем народного единства. Искренне хотим пожелать всегда помнить о своих корнях и истории, гордиться подвигами предков и вековыми традициями, стремиться к благу общества и прочности нашего народа. Желаем уверенности в себе и стабильности в благополучии.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.**

### Уважаемые земляки!

Поздравляю вас с Днем народного единства. Желаю, чтобы человеческие качества всегда были высокими и наполненными достоинства. Чтобы терпимость, толерантность , взаимоуважение и поддержка были основой дружественного и мирного сожительства всех народов и народностей, проживающих рядом.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ.**

### Уважаемые казбековцы!

Поздравляю с Днем народного единства и желаю стать крепче духом, обрести новую силу, поверить в свою удачу и не жалеть сил для общего дела. Пусть страна наша процветает, пусть народ наш живет счастливой и полноценной жизнью.

**Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.**

## Районалъул администрациялда



23 октябралда райадминистрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.Шабазов. И. Салимханов, З.Эмеев, росабазул администрациябазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьенир, нилъ бетIергьанаб ракьул ва мина-свериялъул декларацияби кьеялъул бицун кIалъазе вахъана муниципалияб буголъиялъул отделалъе нухмалъулев М. Эмеев, налогал ракIариялъул хIакъалъулъ къокъаб информация гьабуна экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъул начальник Д. Сайдулаевас.

Жиндир заманалда тIадкъараб хIалтIи гьабичIезда ХI. Мусаевас,кьварун, лъазабуна, декларацияби кьеялде ва налогал ракIариялде хасаб кIвар буссинабеян абуна.

***ИНФОРМЦЕНТР.***

**Росдал магIишаталда**

## Ахиралде щолеб буго...



Ахиралде щолеб буго мугIруздаса гъутабазде гIи-цIани гочинариялъул кампания. Кинабниги гочинабизе ккола 40815 бетIер гIи-цIаназул. Гьезда гьоркьор руго-росдал магIишатазул 27265,КФХязул 9240 ва ЛПХязул 4310 бетIер гIи-цIаназул.

Гъутабазде щварал гIи-цIаназда тIад гьарулел руго ветеринариябгун профилактикаялъулал хIалтIаби. ГIи-цIаназе гьениб чIезабун буго гIураб къадаралда рагIи- хер, гIухьбузе- киналниги хIажатал шартIал.

***ГI. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетIерав зоотехник.***

## Унеб буго подписка!




Байбихьана 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, «Чапар» ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.

Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

«Чапар» хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун.

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гьурущ.**

***Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.***

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

*Ленинилаб комсомолалъ-100 сон!*

# Комсомолалъул ветераназулгун дандчIвай

18 октябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана Ленинилаб комсомолалъ 100 сон тIубаялда бан **«Гургинаб»** стол. Гьенире гIахьаллъана - комсомолалъул ветеранал: райадминистрациялъул отделалъе нухмалъулев Даци Сайдулаев, лъайкьеялъул Управлениялъул начальникасул заместитель Анарпаша Гьаирбеков, районалъул бетIерасул кумекчи Гьайирби Гьайирбиев, культураялъул Управлениялъул начальник Абакар Ибрагьимов, лъималазул творчествоялъул рукъалъул методист Зульфия Абакарова, Дубки поселокалъул администрациялъул специалист Екатерина Юнусова, АХЦялъул директор Мух1амадхIабиб Охъмазов, Гертма росдал школалъул мугIалим Асрудин Зиявдинов, «Казбек районалъул гIолилал» ДРООялъе нухмалъулев АхIмад Иманшапиев, спорткомитеталъул хIалтIухъан Ибрагьим Дадаев, росабалъ гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул хIаракатчагIи, Дилим росдал лицеялъул цIалдохъаби.




КIалъазе рахъарал Д.Сайдулаевас, А.Гьайирбековас, Е.Юнусовалъ, Гъ. Гьаирбиевас, М.-хI. Охъмазовас, З.Абакаровалъ, А.Зиявдиновас,кьокъгьабун, гьениб бицана СССРалъул заманалда комсомолалъул букIараб кIваралъул, захIматалъулгун рагъул нухазда ва ракълилаб гIумруялъулъ гьелъ росулел рукIарал бергьенлъабазул. **«Комсомолалъ нахътараб гьайбатаб нухалъул нугIзаллъун ккола гьелъие щварал лъабго Ленинил, Октябралъул революциялъул, Рагъулабгун захIматалъул багIарал байрахъазул орденал»**,-ан абуна жиндирго кIалъаялда Д.Сайдулаевас.

Киналниги тIоритIулел ишазул цебесеб кьерда рукIине тIадаб букIана комсомольцазда. Комсомолалъул мухъилъ рукIаразул букIине ккола цIикIкIараб жавабчилъи, ракIбацIцIад тIадкъаял тIурай, щайгурелъул,комсомол букIана компартиялъул мухъчIвайлъун абураб пикру загьирлъулеб букIана гьезул к1алъаязда.

Дандеръи бачана Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М.-хI. М.-р. МухIамадхIабибовас.

# Юбилей к1одо гъабуна



23 октябралда культураялъул Централда т1обит1ана Ленинилаб комсомолалъ 100 сон т1убаялъул юбилей к1одо гьабиялъул байрам.

Гьенире г1ахьаллъана –районалъул бет1ер Х1. Мусаев, гьесул заместителал:И. Шабазов, И. Салимханов, З. Эмеев, аппараталъе нухмалъулев Г1. Базаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. Гьирисханов, администрациялъул отделалъе нухмалъулев Д. Сайдулаев, ЕИЦялъе нухмалъулев Мухтар Чупалаев, цере райком комсомолалъул аппаратаалъул бат1и-бат1иял хъулухъазда рук1аралгун гьелъул х1аракатчаг1и: З. Охъмазов, Г1. Х1усейнов, А. Х1ажиев, М.-С. Мамайханов, А. Гьайирбеков, М. Х1ажиев, Г1. Мух1амадг1азизов, Т1. Салаев, М. Юсупов, А. Мух1амадов, М. Гереев, Х1. Адимирзаев, Х. Мух1амадх1абибов, Х. Микаилова, З. Абакарова, Д. Мусаев, Р. Х1ажиев, Г1. Садыкъаев, А Агиев, З. Чалухов, Н. Меджидов, Н. Гьайирбиев, М.-Х1. Охъмазов, Гъ. Абуев, Р. Сурхаев, И. Булатханов ва гь. ц.

К1алъазе рахъарал Г1. Базаевас, З. Охъмазовас, Г1. Х1усейновас, М. –С. Мамайхановас, А.- П. Гьайирбековас, И. Шабазовас, М. Чупалаевас, Т1. Салаевас, Д. Сайдулаевас ва цогидазги гьениб бицана г1олеб г1елалъе тарбия кьеялъе, улка цебет1езабиялъе комсомолалъул бук1араб к1варалъул, фашистазулаб Германиялда т1ад




Бергьенлъи босиялъулъ, рагъда хадусеб г1умруялъулъ гьелъ лъураб бут1аялъул.

Хасаб т1адч1ей гьабуна гьез районалъул комсомольцаз гьабураб х1алт1иялда. «Кинаб ах1и партиялъ баниги, комсомольцал рук1унаан цебесеб кьерда, гьезул жигараб г1ахьаллъиялда рана - заводал, фабрикал, электростанцияби, нухалгун кьоял, шагьаралгун росаби. Гьез нух бахъана космосалдеги. Сундасаго х1инкъич1ого ва нахъкъач1ого ана комсомол цебехун, гуребани, кенч1елароан гьелъул байрахъалда лъабго Ленинил, К1удияб рагъулгун зах1маталъул ва Октябралъул революциялъул орденал»,-ан абураб пикру загьирлъулеб бук1ана гьезул к1алъаязулъ. Ветеранал- комсомольцазда нусго сонилаб юбилей баркараб к1алъай гьениб гьабуна Х1. Мусаевасги.

Ленинилаб комсомолалъул 100 сон т1убаялъул х1урматалда, КПРФалъул ЦКялъул,




рак1алдач1еялъул медалаздалъун, к1одо гьаруна: Юсуп Мух1амадов, Г1абдуразакъ Х1усейнов, Зикрула Ильясов, М-Саг1ид Мамайханов, Г1адукав Базаев, Ильяс Шабазов, Абубакар Ибрагьимов, Даци Сайдулаев, Мух1амад Мух1амадов, Анарпаша Гьайирбеков.

Гьединго, Т1олгороссиялъул "Дир Ват1ан" жамг1ияб г1уц1иялъул медалал кьуна - Ах1мад Х1ажиевасе ва Икрамудин Салимхановасе. Халатбахъараб хъатч1ваялдалъун к1одо гьаруна ветеранал- комсомольцаз комсомоладе ва г1олохъанлъиялде Дилим росдал лицеялъул ц1алдохъабаз ах1арал ва рик1к1арал куч1дул.

Данделъи махщалида нухда бачана лицеялъул муг1алим ва журналист Маржанат Яндаевалъ.

***И.ИДРИСОВ.***

**30 октябрь – политикаялъул репрессиялъул къурбанал рак1алдещвеялъул Къо**

# Т1алих1алъул багъа щиб?

**(Романалдаса кесек)**

Дол рук1ана СССРалъул гуребги, Дагъистаналъулги тарих кьуч1дасанго хисизабурал, политикияб репрессиялъ г1адамазул г1умру кьог1 гьабурал 1930-1937 сонал….

Ич1го лъимер бугеб к1удияб хъизан хут1ана Залмул. Ич1абго рахъалде рак1ги бикьун, бесдалазул сангар сверунги гьабун хут1ана гьей. Жиндирго вац-яц гьеч1ей, бесдаллъи бихьарай Залмуе бук1инеселде к1удияб божилъи кьезе рохеллъун рук1ана лъимал. Эмен камурал гьел х1ет1алде рахъинаризе, х1ажатаб ч1езабизе бигьа бук1инч1о гьелъие. Гьит1инал рук1аниги эбелалъул кверзухъ балагьун ч1еч1ого, жидеда бажарараб гьабулаан лъималазги. Гьезда бич1ч1улаан заман зах1матаб бук1ин,жидее маг1ишат гьабизе эмен нахъа гьеч1евлъи,жалго х1алт1изе , хинк1 балагьизе кколеблъи. Риидал ролъ бак1арун хут1арал хурзабахъа ,г1одоре гъенарал ролъул т1орал ,мугьал данде рак1аризе унаан Идрисги Салиматги. Доб мехалъ т1ощел бак1арарал колхозалъул хурзалцин хьихьулаан хъаравулас. Гьев тохаб заман балагьун,яги моц1рол канлъухъе унги, кисабахъе,гвердил квенч1алиде бараб ролъул мугьалгун, т1орал к1век1улаго ,хъарс-хъарсарал квералгун,х1ат1азда къарал зазалгун рач1унаан гьел рокъоре. Лъималазда бихьулеб къоялъ,гьез бахъулеб х1аракаталъ рак1 унтарай Залмуца, жиндирго рек1еда къан ругел г1адин, маг1у къулч!улаго рахъулаан гьезул х1ат1аздаса зазал,нах бахунаан хъач1лъарал кверазда. Залмуца гьукъаниги гьел балъго унги ратулаан.

Гьезда лъалаан к1удияб хъизаналъе кваназе жо г1олеб гьеч1олъи,жидер кумек гьеч1они, эбелалъе жал хьихьизе зах1мат бук1ин.

Бикъараб ц1оросаролъ яги картощка рик1к1ун соналги кьун, г1адамал тамих1алде ц1алел дол соназ, язихълъиялда хут1арал лъималазул ц1одорлъи г1олаан рахча-хьван рук1ине,хъаравуласдаса т1уризе. Дагьаб рек1елъ иман бугес гьезде бер къанщун толебги бук1ун батила. Лъималазул г1умру гьелде ккезабураб доб заман бук1ана , пачаясул кверщаликь г1адамазул къисматги бугеб,гьабулеб ишалъулъ ,абулеб раг1иялъукь ц1одорлъиги бук1ине кколеб х1инкъараб заман.

Цо росулъ г1умру гьабун рук1аниги цоцазулъ божилъи гьеч1ел,т1адчаг1азда цере жалго берцин рихьизе х1аракат бахъулел,бец1аб пикруялъул г1адамалги камулароан. Гьединазул г1айибалдалъун кулакалилан ,халкъалъул тушбабиян г1айибалги г1унт1изарун, Сибиралде рахъ-рахъалде рит1ун ,туснахъ гьарун, жидерго хъизан лъималаздаса рат1а гьарулел рук1ана г1адамал, хасго бихьинал. Гьезул г1емерисел къват1ире гъуна жалго бет1ергьанал минабахъа.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

**Х1. КАРИМОВА.**

*Руччабазул союзалъ 25 сон т1убаялде*

# Жидерго рукъ ц1унизе

**ГIайшат Тажудинова**

***Казбек районалъул хIакъалъулъ бицунаго ракIалде рачIуна Салатавиялъул руччабазул цIарал чIухIарал, гвангъарал, ритIухълъи цIунулел, хъачагъалгун ва чияр ракьал рахъулелгун рагъулел...***



ПатIимат Айтемировалъ бетIерлъи гьабулеб, Казбек районалъул руччабазул Советги рикIкIине бегьула рагъулаб идаралъун.

- БитIараб жо, нижеца церехун рукIарал руччабазулал Советазул гIадатал цIунула, - ян бицана ПатIиматица. - Церехун руччабазул Советазул букIунаан къуватги, къадруги, абизе бегьула «халкъияб хъаравуллъи» гьабулеб букIанин гьезилан: гьезукьа хIинкъулаан, гьезухъ гIенеккулаан, гьезда хадуб билълъунаан руччабазул кIудияб къокъа ва чанги районалъул нухмалъулез гьезда мугъчIвайги гьабулаан. Гьале гьанжеги, районалъул бетIер ХI. Мусаевгун цадахъ нижеца бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабула, гIадатал цIигьарула, жамгIиял ишазулъ гIураб хIаракатчилъи бихьизабула, хъизаналъул статус щулалъизабиялъе квербакъула ва рухIияб бичIчIи кьола.

ТIалъиялъулал идарабаздаги дагьал гьечIо руччаби. Гьез ккола батIи- батIиял рахъал ва руччабазе кидаго бажарун тIуразарула тIадкъарал ишалги цере чIарал масъалабиги. Гьале цIирищарал депутатазда гьоркьорги ункъгоял руччаби руго. Эбелалда гIадин лъикI лъидаха ричIчIизеги ричIчIилел ихтиярал цIуниялъул суалал.

Айтемировалъ абуна районалъул руччабазулаб гIуцIиялъ гIемераб хIалтIи гьабулила хъизаналъулаб гIумруялъул, лъималазе тарбия кьеялъул, сахаб гIумру гьабиялъул ва цогидалги рахъазулъ ратулел лъикIал мисалал рихьизариялъе.

Руччабазул Советалъул гIахьалчагIаца хIалтIи гьабулила битIун ккечIел хъизаназулгун, гьелъие гьел хьвадулила росабалъе. Гьединаб хIалтIулъ жидецаги мугъчIвай гьабулила сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул, социалияб кумекалъул идарабаздаги. Саназдe рахинчIел гIолилазул суалазул комиссиялъул хIалтIухъабигун гара-чIвариял гьарулила эбел-инсулгун, лъазабулила гIумру гьабиялъе гьезул кинал шартIал ругелали.

ПатIиматица бицана хIисаб кьолеб заманаялда жаниб жидеца гьабурабщиналъул хIакъалъулъ. Ва бихьизабуна гьелъул кколеб хIасилги. ТIоцебесеб иргаялда лъикI гIуцIун буго битIккечIел хъизаназулгун гьабулеб профилактикияб хIалтIи. Гьелъие кумекалъе ратулел руго росабалъ гIуцIарал руччабазулал клубал. Гьединго гьел клубаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго эбеллъи ва лъимерлъи цIуниялъул ишазулъги, районалда тIоритIулел гIемерал цогидал тадбиразулъги.

Руччабазул Советаз цIикIкIун кIвар кьолеб суал ккола лъимал гIемерал ва гIарац дагьаб щолел ва бетIербахъиялъе ресал гьечIел гIемерал хъизабазе кумек гьабиги ва гьединго гражданазе патриотикияб бичIчIи кьейги. Жидеца кумекалъе ахIулила жигар бугелщинал гIадамалгиян бицана П. Айтемировалъ.

- ГIемераб кIвар кьезе кколеб буго росабалъ социалияб рахъалъ хъашго жал цIунарал гIадамал тIатинариялъеги, жалго хутIарал янгъизал херазе кумек щвезабиялъеги, гIолилазул заман тIамулел бакIазда бугеб хIал лъазабиялъул рахъаздеги. ГIемерал сонаца районалъул руччабазул Советалъ хIадур гьабула «Салатавиялъул руччаби экстремизмалде ва терроризмалде данде» абураб форум.

Айтемировалъ абуна гьенир чанги гIадатиял гурел къагIидабиги хIалтIизаризе ккolилан.

- Террор лъугьунеб буго гIатIидго тIибитIулеб такъсирлъун, - илан абуна гьелъ, - Казбек районалъул руччабазда гьоркьорги гIемерал руго гьеб балагьалъул хIасилалда къороллъарал, васал камурал. Киналго гьел хIадурал руго жамгIияталда гIадлу букIинабиялъе гIоло къеркьезе.

Районалъул руччабазул Советалъул председателалъ ракIалде щвезабуна «Дагъистаналъул букIинисеб улбузда кодоб» абураб тадбиралда руччабаз гьабураб жигараб гIахьаллъиги, республикаялъул улбузул форумалда къабул гьабун букIараб хитIаб гьоркьоб лъун гьарурал кIалъаялги. Районалъул руччабазул Советалъ гIахьаллъи гьабун буго республикаялъулаб «Взаимодействие органов местного самоуправления, правоохранительных структур, духовенства, общественных организаций и СМИ в противодействии экстремизму, терроризму», абураб форумалдаги.

- Нилъее щакъи гIезе гьечIо руччабазул Советалъ хIалтIул хIакъалъулъ хъвазе, - ян махсаро гьабуна ПатIимат Айтемировалъ. Хадубги бицана рагъул гIахьалчагIазухъе ва къоролзабазухъе щведал жидеца гьарулел сайгъатазулги байрамазде гьезие хIадур гьарулел концертазулги. Росабалъ тIоритIулел руго терактазул хIасилазда балагьал жидеда хъинтIарал ва захIматаб хIалалде жал ккарал хъизаназе кумек гьабиялъул акциял.

Гьелъ абулеб буго руччабазул Совет букIине кколила бихьулеб къуватлъун, гьелъул асар букIине кколила жамгIияб гIумруялъул киналго рахъазда.

- Щибха нужее цоги бициneб, - абун рекIеда ятана гьей. - РачIа ралагьизе нижер росабалъ бугеб рацIцIа- ракъалъи нужедаги бихьизе...

Гьелъ кIвар буссинабуна магIарулазе хъизаналъул, тухумалъул бетIерасул рагIул букIараб кIваралде ва къадруялде.

- Дие абизе бокьун буго нижехъ тухумалъулаб чIухIи хвел гьечIеблъун букIанилан, гьелъ борцунаан магIарулазул къадруги. Гьеб цIунизеги ккола ва билизе биччазе бегьуларо, нилъер лъималазе ва наслабазе ирсалъеги тезе ккола.

ПатIиматица абуна руччабазул багъа-бачари кидагосеб ва кIвар бугеблъун лъугьинабизе къвариглун бугила районалда- «Ирс» абураб руччабазул клуб гIуцIиги лъикIаб иш бугилан бицана гьелъ. Гьелъулги хIалтIи буссинабун бугила умумузул лъикIал гIадатал лъазариялде ва гьел рилълъанхъизаризе квербакъиялде, гьезул кумекалдалъун психологиялъулал масъалаби тIуразариялде, консультациял гьариялде, гIадамазул чIухIи ва гIамал кIодолъи дагьлъизабиялде. Гьел ругила гIадатиял, гIемеразулъ ратулел хасияталилан абуна П. Айтемировалъ, ва инсанасулъ гьел камун рукIунарила.

Клубалъул хIалтIи буго «Руччабазул балагьи», «Ветеран», «Гьунаразул кутак», «РекIелгъеязул дунял», «Хъизан» абурал секциязде бикьараб. ТIоритIулел руго хъвадарухъабазулгун, артистазулгун дандчIваял. ЧIахIиял классазул цIалдохъабаз цIалулел руго кучIдул, лъолел руго спектакля л. Гьединго тIоритIулел руго **«Руччаби - хъизан цIунулел»** абураб темаялда, руччаби — ветераназулгун дандчIваял.

Дида цо-цояз абула гьеб кинабго цебехунги букIанила,- ян бицана ПатIимат Айтемировалъ,- букIани щиб, щиб квешаб жо гьелълъ бугеб? Гьанжеги буго гьелдаса мисал босизе хIажалъи, лъикIаб цебегосеб такрарлъиялъ лъиего зарал гьабуларо.

Гьелъ лъикIаблъун бихьизабуна Гъостала, Гуни, Гертма росабазул руччабазул Советазул хIалтIи.

Батизе бегьула гIисинал росабалъ руччаби жамгIиял ишазде гьоркьоре рачине бигьаго букIин. Амма абизе кIола цо жо: Гуни росулъ руччабазул рахъалъ гIахьаллъи кидаго лъикIаб букIана. Гьей йиго педагог, мисалияй эбел ва чIужугIадан, Жужу Къурбановалъ гIемерал соназ рукIарал руччабазул Советалъе нухмалъи гьабураб, тарбия кьеялъулаб школа. Дица гьеб ракIалде щвезабуна аралъулгун бухьен щулияб букIунеблъи бихьизабизе. Гьединал гIадаталги цIунизе ккола нилъерго рукъ гIадин, бихьизеги хвезеги течIого.

Гьединабго мисалалъулъ гьелъ рехсана руччабазул хIаракатчилъи борхизабиялъул хIалбихьи цIикIкIарай, гIумруялъ школалда хIалтIарай педагог Загьидат Тучалаеваги. Гертмаялъулазе гьей йикIана кIудияб канлъилъун. ПатIиматица абуна долъул мисалалда рекъон хIалтIулей йигила гьанже Сидрат Чалуховаги.

Асият Сурхаевалъ нухмалъи гьабулеб, Гъостала росдал руччабазул Советалъул хIалтIиги квеш гьечIилан абуна ПатIиматица. Гьел кколила росдал администрациялъе кумекалъе ратулел гIадамалги ва киналдего кверги щолила гьезул: къулгIа бацIцIад цIуниялдеги росдал къватIазда рацIцIалъи букIина- биялдеги. Гьениб руччабаз хIатта жидерго фондги гIуцIун бугила ва гьенисан кумек гьабулила гьелде кутакаб хIажалъи бугезе.

**Абизе бегьула гьениб районалъул руччабазул Совет гIицIго руччабазул гуреб, жамгIияталъулаб гIуцIи бугин ва гьелъ гIумруялъул киналго рахъазде кIварги кьолеб бугилан. Гьедин букIинеги кколеб буго.**

*«МагIарулай» журнал №4/2018 сон.*

# ЦIияб пекарня рагьана



Лъалеб букIахъе, ахириял соназ районалъе нухмалъулез кIвар кьолеб буго цIиял хIалтIул бакIал рагьиялде ва бюджеталде налогал рачIинариялде.

Гьедин, 24 октябралда Дилим росулъа Мух1амадг1арип Мух1удиновас рагьана 10 чиясе х1алт1изе бак1 бугеб чед бежулеб ва кванил нигIматал хIадурулеб цех.

Гьеб рагьиялъул данделъиялда гIахьаллъана - росдал имам ХI. МухIамадов, гьесул заместитель М.-а. ИнгIабасов,районалда бугеб Дагъистаналъул Муфтияталъул рухIияб лъай кьеялъул отделалъе нухмалъулев И. Темирбулатов,ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI. Адимирзаев, Дилим росдал жамагIаталъул вакилзаби ва Мух1амадг1арипил г1ага-божарал.

Гьенир кIалъарал -ХI. МухIамадовас. И. Темирбулатовас, М.-а. ИнгIабасовас, ХI. Адимирзаевас бицана гьеб цех рагьиялъул росдае бугеб пайдаялъул ва гIадамазул гьелде бугеб хIажалъиялъул.

Данделъи ахиралде щвана мавлид ах1иялдалъун.

*Асият ДИБИРОВА.*

# Б а р к у л а !






20-28 октябралда Венгриялъул тахшагьар Будапешталда т1обит1ана гугариялъул рахъалъ дунялалъулго чемпионат.




Гьенир чемпионаллъун рахъана Хасавюрталдаса Заур Угуев(57кг) ва Г1абдурашид Сайдулаев( 97кг). гьезул тренераллъун ккола нилъер ракьцоял: Шеме Шемеев ва Шамиль Г1умаров. Гьенибго, Калининаулалдаса Ах1мад Х1ажимух1аммадовас ( 79 кг ц1айиялда) босана III бак1. Гьесул тренераллъун ккола Г1али Исх1акъов ва Х1амзат Г1абасов.

***Информцентр.***

29 октябрь ккола Ленинилаб комсомолалъ 100 сон т1убараб къо. Гьелдабан, нижее- Калининаулалдаса Гъайирби Гъайирбиевасул хъизаналъе бокьун буго Буртунаялдаса Х1ажиев Ах1мадил хъизаналда баркизе гьеб юбилей. Гьединго, гьезда баркизе яс- Жугьарат, т1ок1лъиялда Дагъистаналъул медицинаялъул академияги лъуг1изабун, Санкт-Петербургалъул ординатураялде лъугьин.

# К ъ о к ъ г о

Гьал къоязда Буртунай росдал **«Г1урустала»** участокалда ругел хурзабахъе, рецулел бак1азде унел нухазде, 500-600 метралъул манзилалда, бараб чабах бит1изабуна, росдал администрациялъул бет1ер Ах1мад Салмановасул нухмалъиялда, **«Буртабазул г1олилал»** къокъаялъул г1ахьалчаг1аз.





Араб соналъ байбихьана райадминистрациялъул минаялда цебесан Буртунаялде унеб нухалъул кидаго ччук1унеб бук1араб цо участокалда кьо базе. Гьеб лъуг1ана.

Гьаб соналъ гьеб нухабе хъил т1олеб ва г1адамал хьвадизе тратуар гьабулеб буго ООО **«Горстройинвест»** г1уц1ц1иялъул х1алт1ухъабаз.

Буртунай росулъа Юнусов Тимирас ва гьесул лъимал Г1алибегицаги ва Г1исацаги ич1го х1алт1ул къоялда жаниб, аслияб республикаялъул нухдаса Г1аркьухъ росулъе щвезег1ан (7 км. манзилалда), гьединго, росдада жаниб бугеб нух къач1ана жалго бет1ергьанаб техникаялъ.



Алмахъ росдал бет1ер Салгереев Микаг1илил бет1ерлъиялда росдал г1олилаз (4 км. манзилалда) **"Гъайли»** участокалде лъим бачана.



**«Лабал ракьан»** участокалда нухлулазе как базе ва х1ухьбахъиялъе жанир ч1езе бараб гьит1инабго мажгит рукъалда сверун берцинаб чали гьабуна ва азбаралда лъуна 2-го скамейка.

Гьелъие ишалъулаб кумек гьабуна Ах1мадпаша Г1умахановас.

Гуни росулъ т1обит1араб субботникалдв г1ахьаллъараз заз- хъарахъалдаса бац1ц1ад гьабуна хабал-агьлу.

*Инсан ва гIумру*

# Мун нижее чIаго йиго

***Хун хадур гIодула гIадамазухъ нилъ,***
***Нолъгlаги щай инчlел унти цlехезе?***
***Адаб-хlурматалъе щай кlвахlаллъилел?***
***Лъиклаб рагlиялъе щай барахщилел?***

***МахIмуд-Апанди.***

Къокъаб гIумруялда гIемерал бакIазда кечI ахIиялъе бугеб жиндир махщел бихьизабурай, «Салатавиялъул булбул»,-ан цIар кьурай Марижат ГIабдулгIазизова жакъа нилъгун гьечIо. РукIуна гIадамал тIабигIаталъго берцинаб гIамал-хасият, рекIее асар гьабулеб хIеренаб калам кьурал. Гьединайлъун кколаан нилъер Марижатги. ГIадамал ричIчIунейлъун, хIалщваразе бажарараб кумек гьабулейлъун йикIана гьей мунагьал чурад. КечI букIана гIумру гьабиялъе квербакъилъун гьелъие ТIадегIанас кьураб махщел.



Дагьал церегIан къояз Гуни росдал культураялъул хIалтIухъабаз, Марижат ракIалдещвезайиялда бан, тIобитIараб данделъи букIана киназулго ракIазулъ пашманлъи лъугьинабураб,тадбирлъун. Гьеб гIуцIаразул мурадлъун бук1ана, цоги нухалда Марижатил г1умруялъулгун творчествоялъулги бицине, гьей районцоязул рекIелъ жеги чIагояйлъун йикIин бихьизабизе.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул культураялда хурхарал х1алт1ухъаби, Марижатил гьудул- гьалмагъзаби, гIагарлъи, Гуни росдал гимназиялъул цIалдохъаби. Марижатил гIумруялъул, творчествоялъул, гьелъул гIаданлъиялъул,бицун кIалъазе рахъана -районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул Управлениялъе нухмалъулей ПатIа Айтемирова,«НасихIат» газеталъул редактор Париза Гереева, цIулал тIагIелазул устар Багьавдин Дадаев, Афгъанистаналъул рагъул г1ахьалчи Назирдинил эбел ПатIимат, Рапият МухIамадова,Тайбика Зиралова, Бесират Адуева (культураялъул х1алт1ухъаби), Сидрат ХIамзатханова, Асият Сурхаева, Умидат Нуцалханова, ШугIайнат МухIамадова ва цогидалги. Гьенир цIалдохъабаз рикIкIана Марижатил кучIдул, гьединго, гьенир рихьизаруна Марижатил г1умруялда хурхарал видеороликал.

Данделъи бачана гимназиялъул мугIалим Сидрат Айтемировалъ.

***<u>Загьра УМАЛХIАТОВА, Гуни росу.</u>***

# Марижатиде

Заманалъе кьураб буго гьаб гIумру,
Г1урччинаб хер гIадаб, хехго бечIалеб.
РукIанин абула, анин рагIуна,
Маргьулъун бицине хабарлъун ккола.

Къалам дир кверазукь соролеб буго,
Кагътиде тIинкIулеб магIуги буго.
Кинал рагIабаца загьир гьабилеб,
Мун камидал рекIел бугеб хIалалъул?

Хьул къотIулеб гьечIо гьудул дудаса,
Къаси макьилъгIаги йихьуларищан.

Дур берцинаб гьаракь,гьуинаб калам,
Цо лахIзаталъ рагIун, йохизайилин.

Дуда талихIалъул тIагIамги лъачIо,
Къисматалъ гьитIинго къварид гьаюна.
Кинаб балагьалде данде чIваниги,
Кверал киданиги, гIодор риччачIо.

Кинабго хIехьезе къуват букIарай,
ЗахIмалъи баччизе таваккал гIурай.
Къокъаб букIун буго дур гIумрудул нух,
ГIаданлъи берцинай, нижер Марижат.

***Х1алимат КАРИМОВА.***

*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №144 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*